


MOUN YO NAN WONN SANT LAN?

Responsabilite ki te pran pou ede popilasyon ki viktim apre tranbleman tè an Ayiti

Soti nan mwa novanm 2021 pou rive mwa janvyè 2022, Ground Truth Solutions te reyalize yon etid avèk plizyè metòd pou konnen kisa moun ki te viktim tranbleman tè 14 dawout la panse de repons imanite a, sa vle di èd ONG ak lòt òganizasyon te pote pou yo. Nou te mennen yon ankèt nan telefòn ak 1251 patisipan, epi nou te fè entèvyou kalitatif ak 86 lòt patisipan.



ANKÈT NAN TELEFÒN

- 505 FANM (40%)
- 746 GASON (60%)
- 1106 MOUN KI PA BENEFISYE ÈD (88%)
- 144 MOUN KI BENEFISYE ÈD (12%)


ENTÈVYOU KALITATIF

- FANM
- GASON
- JÈN
- MOUN KI ANDIKAPE
- RESPONSAB KOMINOTÈ
- REPREZANTAN KOMINOTE LGBTQIA+

- Episant tranbleman tè a
- Depatman ankèt nan telefòn nan kouvri.
- Komin entèvyou kalitatif yo kouvri.

REZILTA

Pou nou te ka byen konprann sa ki priyorite pou kominote yo nan kad èd ki bay apre tranbleman tè a, nou te konpare jan patisipan yo konprann enpòtans endikatè kle sou responsabilite yo avèk eksperyans yo, sa vle di sa yo te wè ki fèt sou teren. Malgre tout tèm nou te poze kesyon sou yo, patisipan yo te twouve yo trè enpòtan, jan chak moun te wè tèm yo konkretize sou teren an te diferan. Imaj grafik sa yo montre pousantaj repons ki te bay ak kesyon ki te poze yo sou yon nechèl de 1 a 5, sot nan pa dakò ditou (wouj fonse) pou rive nan dakò konplètman (vèt fonse).



NOU DWE PATISIPE NAN PLANIFIKASYON, APLIKASYON AK DISTRIBISYON ÈD LA.
- NONM K AP VIV AK YON ANDIKAP, LES CAYES

SATISFAKSYON SOU ÈD IMANITÈ

- Malgre anpil moun te di nou yo twouve èd la itil, 67% patisipan nan ankèt nan telefòn nan di yo pa satisfè de sèvis èd imanite ki disponib yo.
- Selon patisipan ki pa satisfè yo, sa gen pou wè ak plizyè rezon : se pa tout moun ki jwenn èd la, sitou nan zòn andeyò yo, kantite èd la pa ase pa rapò ak bezwen moun yo, èd la pa de kalite oubyen li pa koresponn ak priyorite moun yo, sa yo vrèman bezwen.
- Gen nan patisipan yo ki pale de eksperyans negativ nan kesyon distribisyon èd la, distribisyon an fèt nan dezòd, gen twòp moun pou kantite yap bay la, gen vyolans, epi moun yo santi yo pa respekte yo, yo konn wont. Gen moun ki menm di yo ap refize èd la pouètè eksperyans negativ sa yo.

PATISIPASYON KOMINOTE

- 54% nan patisipan nou te poze kesyon di yo pat konsilte kominote yo a sou koze èd la.
- Moun yo pa gen okenn pouvwa pou pran desizyon sou èd imanite a, sot depi nan evalyasyon bezwen yo pou rive nan distribisyon.
- An jeneral, moun yo pa jwenn okazyon pou yo patisipe nan èd la
- Malgre sa, moun yo kwè yo gen dwa pou enfliyanse èd la.

ENFOMASYON

- Sèlman 31% nan patisipan yo santi yo gen enfòmasyon sou èd yap resevwa.
- 14% nan patisipan yo konnen kijan yo pran desizyon sou kimoun kap resevwa èd la ak kimoun ki pap resevwa l.
- Selon moun yo, jan yo deside kimoun èd la vize pa fèt san patipri.
- Pami lòt twou vid ki genyen nan kesyon enfòmasyon sou èd la, nou ka site pwoblèm ki genyen nan konnen ki kote èd la sot, kimoun kap distribye l epi kilè, ak kòman lajan èd la depanse.

REYAKSYON AK PLENT

- Sèlman 23% nan patisipan yo panse kominote pa yo konnen kijan pou yo retounen enfòmasyon oubyen pote plent sou èd imanite a.
- Patisipan yo di pa gen aksè ak sistèm pou pote plent yo.
- Patisipan yo panse pote plent pap pote okenn chanjman nan reyalite.
- Patisipan yo pa vle pote plent bay moun ki, selon yo menm, fè pati de pwoblèm nan.

OTONOMI

- 36% nan patisipan yo panse èd imanite a ede kominote yo a nan yon fason ki pèmèt kominote a ka viv san èd alavni.
- Menmsi èd la itil nan kout tèm, patisipan yo pa panse li ede yo alontèm.
- Moun yo espere rive endepandan de èd la.
- Anpil nan moun yo mansyone ke yo vle jwenn travay oubyen lòt mwayen pou yo viv, epi yo swete rive nan yon pwen pou yo kapab rebati kominote yo.

NOU PA VLE VIKTIM POU YON SAK DIRI.

- FANM, LES CAYES

KONFYANS

- Moun yo vle èd la nan men moun yo fè konfyans, ki respekte yo epi pami sila ki plis pwòch yo.
- Paske moun yo pa enplike nan pwosesis èd la, yo pa gen konfyans nan imanite yo ni nan otorite kap distribye èd la.
- Gen nan yo ki menm rapòte akizasyon koripsyon nan jan yo seleksyone benefisyè yo. Yonn nan pi gwo plent yo se ke imanite yo pa ale nan kominote yo pou "wè reyalite a", sa ki fè nou panse moun yo wè imanite yo tankou yon seri moun ki dekonekte ak popilasyon viktim yo.
- Menm lè yo mansyone reprezantan kominal yo kòm moun ki pi byen plase pou bay ak distribye èd la, se pa sèlman konnen « kimoun » ki pote èd la ki enpòtan, men se « kòman » yo pote l.

Pou plis enfòmasyon, li rapò konplè nou an isit la.



MOUN YO NAN WONN SANT LAN?

Responsabilite ki te pran pou ede popilasyon ki viktim apre tranbleman tè an Ayiti

Nou te fè yon atelye ak manm nan kominote èd lan nan mwa Mas 2022. Nou te fè sa pou n ka rive bay rekòmandasyon, sou fason pou nou aji sou rezilta yo. Patisipan yo te gen ladan yo : reprezantan gouvènman an, sektè imanità, ONG ak òganizasyon k ap travay ak moun ki gen andikap. Yo dwe bay priorite ak moun ki viktim yo. Si n vle rekòmandasyon sa yo reyalize, se ak moun ki gen enterè yo nan peyi a pou yo poze aksyon.

REKÒMANDASYON

Jan yo chwazi ak kominike sou “kritè seleksyon yo”

- Kreye yon regwoupman kowòdinasyon ak òganizasyon kominote ak sosyete sivil pou idantifye gwoup ki pi frajil yo epi “idantifye depi avan sa” nan kisa yo frajil. Sa ap rive fèt, nan bati yon “baz done nasyonal sou vilnerabilite” pou Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST);
- Aplike bon jan metòd seleksyon enstans ki bay èd yo;
- Fè evalyasyon sou bezwen moun yo, sitou pou moun ki andikape yo ansanm ak òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs);
- Fè repons lan chita sou evalyasyon rapid moun bezwen nan anpil sektè. Ladan l yo dwe mete zòn ki lwen yo (andeyò). Li dwe adapte ak fason moun yo ap viv nan lokalite yo. Li dwe mache pou sèks ak laj, lè w itilize zouti Marker Sèks ak Laj (GAM);
- Fè plis konsyantizasyon sou ki “kritè yo chwazi” ak seleksyon nan anpil kote, tankou : mache, radyo, lekòl, ak kote moun ap priye (legliz, peristil, eksetera). Nou dwe gen asisrans andeyò yo ladan l tou;
- Afiche lis “kritè seleksyon” yo anndan chak sit, kote y ap fè distribisyon.

Kreye fason pou resevwa plent epi kòmantè (fidbak)

- Mete bon jan konprann nan fason plent ka bay san fòs kote, san non yo pa site, lib e libè. Pa egzanp, lè w mete yon liy dirèk ki santralize epi lè w di kilès ki responsab tout bon nan sit distribisyon yo;
- Bay fòmasyon pou òganizasyon kominote ak asosyasyon (tankou DPO ak asosyasyon fanm) sou kouman pou pote plent epi bay bon jan kòmantè (fidbak);
- Fè plis konsyantizasyon sou plent ak kouman pou bon jan kòmantè (fidbak) rive bay. Pa egzanp lè w montre kouman pou fè plent ak bay repons (bay fidbak) nan sit distribisyon yo. Epi tou ou dwe enfòm kominote yo sou fason yo jere plent yo ak fason pou jwenn aksè ak itilize kòmantè (fidbak) ak plent;
- Fè bon jan siveyans pou plent yo, pa egzanp lè w aplike règleman sou tan repons la dwe pran pou kèk plent;
- Pataje rezilta yo ak nenpòt aksyon yo pran apre yo fin pote plent yo;
- Chèche bon jan kòmantè (fidbak) sou kalite ak enpòtans èd yo bay, nan siveyans apre distribisyon.

Èd lan dwe bay nan sekirite ak diyite

- Bay èd lan nan espas ki gen sekirite. Epi tou, distribye èd lan bonè nan maten;
- Kalkile depi anvan ki kantite moun ki ta dwe vini nan distribisyon an. Sa ap ede pran bon jan prekosyon ki adapte pou jere ak kontwòl “foul moun”;
- Chanje adrès kote distribisyon yo fèt. Pa fè distribisyon nan menm espas yo;
- Fè lidè lokal yo patisipe nan distribisyon yo. Epi tou, fòme anplwaye yo ak enstans ki nan distribisyon yo (tankou : Proteksyon Sivil) nan kouman distribisyon dwe fèt ak sekirite (pa egzanp : kouman yo jere “foul moun”);
- Fè yon kat zòn ki pi pre yo (vil yo) pou ede nan preparasyon an;
- Fè distribisyon separe oswa pòt an pòt pou gwoup moun ki pi frajil yo, tankou : fanm ansent, fanm k ap bay tete ak moun ki andikape;
- Met plis serye ak kontwòl sou kalite machandiz k ap distribye yo. Sa pral ede enstans ki nan distribisyon an bay priorite pou pwodwi ak sèvis lokal;
- Fòme anplwaye enstans k ap bay èd imanità yo, sou prensip ak kouman yo bay “èd imanità”.

Ede tout moun nan kominote an patisipe

- Konsilte lidè nan kominote an ak otorite lokal yo, pou idantifye pi bon estrateji distribisyon nan kominote a;
- Pran opinyon kominote a nan deside ki moun ki pi fèb (kritè vilnerabilite);
- Bay fè yon gid sou “jesyon enklizif ak DPO nasyonal ak lokal” pou ede fasilite patisipasyon moun ki andikape pandan tout etap pwojè an. Sa ap ede tou pou fè moun ki andikape vin granmoun tèt yo (vin pi otonòm);
- Fòme anplwaye òganizasyon yo sou fason pou chita pale ak moun ki nan kominote a (konsiltasyon kominote).

Bay enfòmasyon ki klè

- Enplike òganizasyon kominote ak aktè relijye yo nan pataje enfòmasyon yo;
- Monte bon jan estrateji kominikasyon nan mitan divès aktè yo pou mesaj yo ka menm;
- Itilize estrateji kominikasyon yo nan bon jan kontèks epi dapre preferans kominote a;
- Veye pou enfòmasyon yo aksesib pou moun ki andikape lè yo bay yo nan òganizasyon ki sipòte moun ki andikape (DPOs) yo.

Pou plis enfòmasyon, li rapò konplè nou an isit la.

